

Melayarkan Pertunjukan Tradisi

SENI media rekam dan siar makin bermakna. Makin berpengaruh pada musim pancaroba budaya akibat pageblug. Takaran estetik media rekam video yang sinematik dan teknologi siar yang *broadcastic*, mampu mewedahi kemas tampilan lebih banyak lagi ragam seni pertunjukan. Termasuk, seni-seni tradisional kerakyatan, yang di dalamnya tercakup pula prosesi upacara adat oleh rakyat.

Ada transformasi estetika panggung gedung, panggung tenda, panggung lapangan atau area, ke dalam estetika panggung layar siar langsung (*live streaming*) dan atau siar tunda putar rekaman (*tape streaming*) melalui ragam aplikasi media dalam jaringan (daring) berbasis sinyal dan koneksi internet. Suatu migrasi media bagi pelaku budaya, penonton, dan partisipannya. Dari *stage* penuh desak senggolan, ke layar bersama dalam ruang kumpulan, menuju layar sentuh personal setangan sendirian. Ada pergeseran varian struktur sosial dalam cara penyajian dan penikmatan seni tontonan adat tradisi kerakyatan.

Bersamaan dengan ‘tradisi terbarukan’, selain perubahan takaran estetika, juga terikut perubahan takaran etika sosialnya. Antara takaran estetika dan etika tersebut, saat ini masih tersisa pekerjaan besar dalam menyelesaikan tawar-menawar takaran argumentatif rasional, atas transformasi pemanfaatan media rekam dan siar dengan takaran karya ekspresi budaya. Termasuk, ragam karya ekspresi budaya pertunjukan tradisi yang di

Purwadmadi

dalamnya terdapat tradisi upacara adat.

Olah dan alihmedia dalam karya ekspresi budaya seni pertunjukan tradisi, dari seni tontonan langsung dalam kerumunan tatap muka menjadi seni pertunjukan di layar monitor personal, jelas sekali mempertunjukkan terjadinya proses layarisasi, bahkan mungkin virtualisasi, dari suatu realitas ekspresi budaya masyarakat. Tidak hanya migrasi media tetapi juga berikut migrasi sosial terstruktur. Sehingga layarisasi dan virtualisasi seni pertunjukan tradisi bisa menjadi sistemik bermakna sebagai peristiwa politik kebudayaan.

Karya ekspresi budaya rakyat yang ter-virtual dan ter-daring makin mewabah. Laman kanal media-media sosial, *on line* dan ber-jaringan, menjadi saluran penting penyiaran peristiwa seni pertunjukan rakyat dalam format *live streaming* maupun rekam siar tunda. Karya ekspresi budaya seni pertunjukan rakyat, makin terbiasa berhadapan dengan teknologi rekam dan siar. Secara kebudayaan, peristiwa olah kemas saji dan cara tonton seni pertunjukan rakyat dan adat-adat tradisi tersebut sangat ditandai migrasi budaya yang parametrik berdayaaruh terhadap perubahan sosial budaya masyarakat. Sekaligus transformasi takaran estetika karya budaya dan etika sosial yang menyertai.

Sekurangnya, ada dua migrasi bu-

daya parametrik yang mewarnai, yaitu (1) adaptasi kepada kebiasaan baru berekspresi budaya berupa perubahan perilaku, respons, dan reaksi, para pelaku budaya (baca: rakyat). (2) Takaran estetika karya budaya rakyat yang laras dengan tuntutan karakter media dan kebutuhan perubahan etika sosial terbarukan. Dari tontonan komunal menjadi tontonan personal. Artinya, adaptasi kebiasaan baru akibat tekanan dampak pandemi, membawa perubahan penting pada proses pemediaan karya budaya. Suatu proses perubahan yang membawa semangat nilai renaissans dalam mencari dan menemukan semacam keseimbangan baru dalam berkebudayaan. Layarisasi karya ekspresi budaya rakyat, termasuk ekspresi ritus adat, menjadi ruang terbuka masyarakat dalam pemeliharaan dan pengembangan kreativitas perilaku kebudayaan.

Yang sering dan masih banyak terjadi, layarisasi pertunjukan tradisi belum dimaknai sebagai peristiwa politik kebudayaan, melainkan masih lebih diperlakukan sebagai peristiwa alih penggunaan peralatan digital untuk keperluan perekaman video dan priranti berikut jaringan sebar pancar siarannya. Yang terjadi, sekadar alih panggung tontonan dari lokasi ekspresi ke layar di tangan penonton. Layarisasi ekspresi budaya rakyat, sejauh ini belum terlalu beda jikalau langsung menon-tonnya. Terasa, bukan tontonan layar. □

*) **Purwadmadi**, pemerhati dan penulis seni-budaya.

Oase

Mustofa W Hasyim

YANG PALING SUNYI

Yang paling sunyi adalah kata

Yang paling kata adalah rindu

Ya paling rindu adalah jiwa

Yang paling jiwa adalah sunyi.

Rindu menembus bisu

Senyuman lirih pada kalender

Yang putih melukis cahaya

Tuhan menyegarkan taman jiwa

Ayo menari pesta bisikan

2020

PERIHNYA HARI

Perihnya hari hati tidak bersuara

Lukanya ruang musim dibiarkan mengembara

Burung-burung membawa benih mencari tanah garapan

Rumput merindu cakrawala

Katak memanggil hujan sederas air mata

“Jangan coba merancang gerhana masih ada cinta,” kata cucu seekor semut purba

2020

MUSIM MELATI

Musim melati mekar pagi

Cahaya harum hidangan kamar

2020

KETIKA MIMPI MENJADI TELAGA

Berenang, berenang saja diam-diam mengukur suhu dalam genggaman menjelajah sudut tempat sembunyi cinta biarkan buih bercanda bercakap dengan bunga teratai

matahari, biarkan turun menuju balik pohon glagah sinar yang lembut menyapu rambutmu yang panjang pundak landai seperti waktu

bertemu di depan pintu rumahmu yang menggetarkan ruhku

Telaga, biarkan terus menjadi mimpi jangan hardik dan jangan nyanyikan lagu itu lagi

2020

Mustofa W Hasyim, Ketua Studio *Pertunjukan Sastra Yogyakarta, kumpulan puisi yang terbit belum lama berjudul Dompot dan Boneka: Sebuah Kitab Anomali, Pidato yang Masuk Surga.*

MEKAR SARI

NENG ngomah wae, ora usah mrana-mrene! Saben-saben nampa SMS kaya kuwi, pikirane Siwi dadi kisiruh. Goreh. Gara-gara Covid-19, kabeh rencanane ambyar. Rekane lebar wisudha pengin langsung kerja, nanging ora gampang golek gaweyan ing satengahe pageblug Covid-19 sing saya ndadra. Perusahaan akeh sing tutup, ora nampa karyawan anyar, Njagakake *pendaftaran* CPNS, ora ngerti kapan dibukak. Beban pemerintah abot kanggo nangunangi Covid, dadi Siwi uga ora ngarep-arep dadi pegawe negri. Saora-orane ing taun iki.

Patang sasi nganggur ngethekur, neng omah mung glundhang-glundhung kaya semangka, suwe-suwe rasane kok ya kesiksa. Bosen! Ning arep lunga-lunga wedi. Virus Korona lagi ngganas ing ngendi-endi.

“Bosen, Bu. Pengin lunga, ning ora isa. Ngendi-ngendi *lockdown*,” kandhane Siwi marang ibune nalika sarapan bebarengan.

“Ya bener. *Demi keamanan*. Murih viruse ora saya nyebar,” semaure ibune. Senajan wong ndesa, Bu Lani, ibune Siwi, uga melek warta. Maklum. Piyambake elek-elek rak mantan Bu Lurah. Critane biyen KKN ing desa kono, njur kecanthol karo putrane Pak Lurah. Sawise Pak Lurah sepuh seda, bapak Siwi maju melu njago lurah lan kepilih.

“Piye ya Bu, carane ngatasi bosen? *Jenuhhh....* urip kok ra ana variasine,” aloke Siwi maneh.

“Piye yen mengko sore melu Ibu nyang sawah. Biyen dhek swargi bapakmu isih sugeng kowe sregep menyang sawah. Geneya sawise bapakmu ora ana kowe kok malah njur pet ora gelem saba sawah maneh,” ngendikane Bu Lani.

“Lha saben-saben menyang sawah aku mesthi kelingan swargi Bapak. Rasane piye ngono... Jan-jane aku rak durung siyap ditinggal Bapak.”

“Siyap ora siyap kuwi kanyatan sing kudu kita adhepi. Kowe kudu blajar nampa kahanan.”

“Ya... mengko sore aku takmelu nyang sawah. Aku bosen terus-terusan neng ngomah,” kandhane Siwi alot.

Sorene Siwi sida menyang sawah. Nyawang leleran lendhut sing kintreg-kintreg, ing atine ana rasa jijik. Nanging rasa kuwi enggal dikipatake. Dibayangkake, biyen dhek nalika bapak isih sugeng, sawise ora njabat dadi lurah maneh, bapak trima dadi tani. Lan dipercaya warga dadi *ketua kelompok tani*. Lastri asring ngancani bapak menyang sawah, kerep melu nyemplung ing leleran lendhut kaya iku. Nanging sawise bapak ora ana, Lastri wis arang-arang menyang sawah. Merga saben-saben menyang sawah tansah katon-katonen wewayangane bapak.

Sawise mangu-mangu sawetara, pungkasane tanpa wigah-wigih Siwi melu nyemplung ing kedhokan sawah, melu tandur bebarengan karo wong-wong liyane.

“Takkira kowe wis lali nyemplung sawah, Ndhuuk. Kulinane nyekel pulpen saiki beda sing dicekel,” aloke Mbokdhe Ngadinem, tangga let telung omah sing disambat ngrewangi tandur dening ibune..

“Ah, ya ora bakal yen nganti lali, Mbokdhe.

Riyin dhek swargi Bapak taksih sugeng kula inggih asring tumut teng sabin,” wangsulane Siwi karo mesem.


“Yen Siwi gelem saba sawah ki rak merga kepepet ta, Yu. Merga bosen neng ngomah,” panyaute Bu Lani.

“Awake dhewe klebu begja, isih duwe tinggalan sawah saka wong tuwa. Saora-orane kena nggo tambel butuh. Apamaneh ngadhepi paceklik gara-gara Covid kaya saiki,” kandhane Mbokdhe Ngadinem maneh.

“Iya, Yu. Bener. Sawah kuwi senajan mbok manawa pametune ora mbejaji yen dikertaaji nganggo dhuwit, nanging tetep kena nggo yem-yem...”

Krungu pacelathone ibune karo Mbokdhe Ngadinem ing batin Siwi mesem. Dheweke dadi kelingan marang swargi bapak. Biyen dhek nalika bapak isih sugeng, dheweke asring dikongkon ibune ngirim bapak menyang sawah.

“Pak, leren dhisik. Aku nggawa kiriman sa-



ka Ibu,” ajeg kuwi sing diucapake Siwi saben-saben tekan sawah lan meruhi bapak sing isih sengkut tumandang gawe.

Biyasane Siwi melu ngancani mangan. Saka ngomah pancen sengaja ora mangan. Njaluk digawekake ransum kaya bapak. Kanggone Siwi, mangan ing gubuk tengah sawah rasane luwih nikmat tinimbang mangan ing ngomah. Sinambi mangan bisa nyawang tanduran kang ijo royo-royo, ledhung-ledhung ndemenakake.

Pakulinan ngirim ransum kanggo bapak ing sawah kuwi dilakoni Siwi nganti tekan kelas loro SMA. Nalika kelas telu wis arang-arang ngirim bapak, merga baline kerep-kerepe wis sore. Bali sekolah dheweke kepeksa kudu melu les ing kutha kanggo ngadhepi ujian. Najan mangkono, dina Minggu utawa dina libur manawa ora ana acara biyasane Siwi nyelakake menyang sawah. Ora sadarma ngirim bapak, nanging uga ngrewangi teman-dang gawe, matun, ngresiki suket utawa metani ama ing tanduran sayuran.

Kejaba ditanduri pari, sawah kuwi uga ana

tandurane sayuran bangsane bayem, kemangi, lombok, tomat, lan kacang panjang, mapan ing kedhokan sing rada dhuwur lan arang kelepan banyu. Asil saka sayuran kuwi sing kanggo nyukupi kabutuhan padinan. Biyasane telung dina sepisan diparani bakul. Dadi ibune ora perlu kangelan nggawa menyang pasar.

Nalika Siwi wis wiwit kuliah, mbok manawa dianggep wis cukup diwasa, sinambi mangan bapak asring ngajak ngobrol werna-werna. Ora mung bab-bab kang magepokan karo tanduran, nanging uga babagan urip lan panguripan. Wiwit tata krama jroning pasrawungan ing satengahe masarakat sing kudu tansah ajen-ingajenan lan kawruh-kawruh luhur liyane, warisan saka para leluhur. Intine, wong kudu tansah bisa nyukuri marang rahmat kang diparingake dening Gusti kanthi cara nglakoni urip sapik-apike. Setiti lan ngati-ati jroning tumindak.

“Aja dume sekolahmu dhuwur kowe banjur lali marang asal-usulmu. Aja kaya kancang sing lali marang kulite. Kowe pancen kudu pinter. Kepinteran dibutuhake supaya kowe bisa nglakoni uripmu kanthi luwih apik. Nanging senajan kowe pinter, sepisan-pisan kowe aja kuminter. Kepinteranmu uga kudu migunani kanggo sesamaning urip, saora-orane wong-wong ing sakiwa tengenmu,” kuwi pituture bapak sing pungkasan, sing nganti tekan saiki isih tetep dieling-eling dening Siwi.

Pranyata bapak sing *dikagumi* kuwi yuswane ora dawa. Bapak seda nalika dheweke lagi KKN ing papan kang adoh saka desane. Sawise kuwi Siwi dadi arang-arang saba sawah merga saben-saben menyang sawah ajeg kelingan karo bapak.

Siwi nyawatake mripate ing sajembare sawah. Wewayangane bapak bali cumithak cetha ing angen-angene.

“Kowe ora bakal ngrasakake kesel yen kabeh pakaryan sing kok lakoni kuwi linambaran tresna trusing ati. Makarya iku klebu ibadah, minangka srana kanggo ngabdi marang Sing Gawe Urip. Mula lakonana kanthi eklas, kanthi sawutuhe tresna. Kaya tresnamu marang awakmu dhewe. Energi tresna kuwi ngedabedabi. Nuwuhake bab-bab kang positif jroning urip iki. Coba delengen, tanduran-tanduran kuwi uga ngerti yen ditresnani, mulane tuwuh subur ndemenakake,” dumeling swarane bapak karo nudingi tandurane sing ledhung-ledhung ndhemenakake.

Ana sarombongan kuntul neba, ambyuk ing kedhokan sawah ora adoh karo papane lungguh. Dumadakan... tratap. atine Siwi kaya diosikake.

“Oh, geneya aku ora tau mikir tekan semene? Sasuwene iki malah sibuk ngangenangen golek gaweyan ing kutha. Kamangka ing kene gaweyan wis sumadya. Sawah!” batine karo migatekake kuntul-kuntul sing mentas neba.

“Ibu bener. Aku kudu bisa komproni karo kahanan, karo atiku dhewe. Sawah iki mbutuhake aku,” batine Siwi maneh karo ngiderake panyawange marang sawah warisane bapak. □

MACAPATAN

Mc Surand

KAWULA NGAYOGYAKARTA (Sinom)

1

*Kawula Ngayogyakarta
Dadya warganing negari
Ingkang tansah mbudidaya
Murih golong anyawiji
Istimewa sayekti
Sampun wonten wolung taun
Sengguh mungguh patrapnya
Datan mingkung ing pakarti
Sesantinya amrih hayuning bawana*

2

*Ngarsa Dalem Kanjeng Sultan
Minangka Gubernur yekti
Kanjeng Gusti Paku Alam
Wakilira kang wus pesthi
Kamot ukuming nagri
Urut tiga welas sampun
Rong ewu kalih welas
Mangga tansah den kajagi
Mrih lestari istimewa salaminya*

3

*Budaya Jawi kasusra
Dumugi kala samangkin
Kukuban Ngayogyakarta
Tansah samya nguri-uri
Pra mudha wajib ngesthi
Mrih hayuning budya luhur
Saiyeg eka karsa
Memangun sareng tan wigih
Rumentahna Berkah Dalem Kang Makwasa*

*Ngrojo, Kembang, Nanggulan
Kulonprogo
25 September 2020*

KAGEM para kadang sing kagungan naskah cerita cekak (cerkak), geguritan, utawa macapat, bisa kakirim ing Redaksi SKH *Kedaulatan Rakyat*, Jalan Margo Utomo 40-42, Yogyakarta 55232, utawa lumantar email *mekar-sari.kr@gmail.com*. Mligi cerkak dawane paling akeh 6.000 karakter klebu spasi. Menawa seratane magepokan karo bab utawa dina mirunggan diajab bisa kakirim udakara sewulan sadurunge. Matur nuwun. **(Redaksi)**